

Pwosedè pou lekòl fèmèn nan ka kondisyon ijans Septanm 2016

Depatman edikasyon Vil Nouyòk ap fè tout efò pou kenbe lekòl yo ouvri lè gen move tan. Paran sipoze pran pwòp desizyon yo si wi oswa non y ap pèmèt pitit yo ale lekòl nan jou kote ki gen kondisyon ijans nan tout vil la oswa lè gen move tan epi lekòl yo ouvri. Paran gen pou rekonèt ke trajè yo ap pran plis tan epi kapab gen anbouteyaj lè yo prale ak lè y ap tounen soti lekòl. Li nesèsè pou gen yon règleman pou tout Vil la nan ka kondisyon ijans oswa nan jou ki gen gwo tanpèt nan tout Vil la. Pwosedè sa yo ke nou mete pi ba a, fèt pou sèvi kòm gid pou elèv, paran ak estaf. Nou voye memo sa a ankò pou nou reafime ke se Chanselye a ak Chanselye adjwen pou fonksyonman an ki gen otorite pou anonse si lekòl ap fèmèn nan tout Vil la, epi tou pou souliye kondisyon ak atant ki vini avèk difizyon enfòmasyon an, enpak sou transpò elèv, ak responsablite biwo santral yo. Tout lekòl dwe konfòme yo avèk anons pou tout lekòl Vil la fèmèn an. Pa gen lekòl ki dwe ouvri ta, voye elèv ale bonè, ni fèmèn pou jou a san otorizasyon Chanselye a oswa Chanselye adjwen pou fonksyonman an.

Anons Vil la pou fèmèn lekòl

Chanselye a oswa Chanselye adjwen pou fonksyonman an ap anonse desizyon Vil la pou fèmèn lekòl (ladan ranvwa tout aktivite aprelekòl) nan jou ki gen move tan, lè li fin pale avèk Biwo majistra a pou jesyon ijans, Biwo pou tan, Depatman sanitasyon Vil la, Otorite tranzit Vil la ak lòt ajans apwopriye. Y ap pran desizyon pou tout vil la pi bonè ke posib avan 5:00 a.m. jou ki gen pwoblèm lan.

Biwo kominikasyon ak relasyon medya Depatman edikasyon ap fè sèvis nouvell Associated Press, ak estasyon radyo ak televizyon konnen pi vit posib avan 5:00 a.m. Y ap afiche tout enfòmasyon ki gen rapò avèk sa sou sitwèb DOE a (<http://schools.nyc.gov>), anplis tout lòt aksè medya sosyal DOE <https://twitter.com/nycschools> ak <https://facebook.com/NYCSchools>. Nou avize estaf lekòl ak paran pou tcheke sitwèb DOE, tandè difizyon enfòmasyon radyo ak televizyon lokal, oswa rele 311.

Nenpòt lè Chanselye a oswa Chanselye adjwen pou fonksyonman an fè anons pou fèmèn lekòl, Biwo transpò elèv ap fè konpayi otobis yo konnen lòt aktivite an rapò avèk lekòl ki fèmèn. Byenke Chanselye a oswa Chanselye adjwen pou fonksyonman an pa gen otorite sou lekòl prive yo, mwayen transpò ke Vil la ofri lekòl prive yo konfòme yo avèk desizyon ke Chanselye a oswa Chanselye adjwen pou fonksyonman an pran.

Nenpòt lè Vil la bay otorizasyon pou lekòl fèmèn, aktivite nou pral site pi ba yo ap ranvwaye epi estaf pou sèvis aprelekòl ke sistèm lekòl leta a fonde p ap disponib pou aktivite aprelekòl, amwenke Chanselye a oswa Chanselye adjwen pou fonksyonman an fè yon anons pou di otreman. tout pwomnad, pwogram aprelekòl (ladan pwogram òganizasyon kominotè ki nan lokal lekòl leta ak mwayen transpò pou pwogram aprelekòl, ladan mwayen transpò pou pwogram aprelekòl ki nan lokal òganizasyon kominotè) tout pwogram lig atletik lekòl leta (PSAL) ak tilig atletik lekòl leta (SSAL), tout kou pou edikasyon adilt, tout YABC ak tout pwogram kou apremidi pou ekivalans lekòl segondè (HSE).

Biwo santral: Amwenke Chanselye a oswa Chanselye adjwen pou fonksyonman an bay lòt enstriksyon, (ki se kapab ka a lè gen gwo ka ijans) tout biwo santral ak biwo distri 75 ak 79 dwe rete ouvri pou lè fonksyonman nòmal nan jou lè yo otorize pou lekòl fèmèn akòz kondisyon ijans oswa gwo tanpèt nan Vil la, piske estaf dwe nan pozisyon pou yo founi paran ak lòt moun enfòmasyon enpòtan.

Ranvwa aktivite aprelekòl

Nan ka kote gen kondisyon move tan nan Vil la, oswa si yon tanpèt vin pi grav pandan yon jounen lekòl nòmal, Chanselye a oswa Chanselye adjwen pou fonksyonman an gen dwa deside pou ranvwaye tout aktivite aprelekòl, PSAL, ak SSAL.

Kesyon

Paran ak estaf dwe poze direktè lekòl yo kesyon konsènan aplikasyon pwosedè sa yo. Direktè lekòl yo ka kontakte Sipèntandan yo pou sipò anplis.